Wikipédia

Perpustakaan Universitas Leiden

Perpustakaan Universitas Leiden iku kapustakaan kang didegaké ing 1575 ing Leiden, Walanda. Perpustakaan iku dianggep minangka wujud panggonan ing pembangunan saka budayaÉropah: bagéan saka pusat budaya sing marang arah pembangunan lan penyebaran kawruh kala mangsa pepadhang. Iki utamané kumpulan saka kolèksi unik saka sumber-sumber pilihan.[1] Kalebu kira-kira 5,200,000 volume, 1,000,000 buku èlèktronik, 20,000 sèri, 40,000 jurnal èlèktronik, 60,000 manuskrip bab negara-negara Wétan lan Kulon, 500,000 aksara, 100,000 gambar kar, 100,000 cithakan, 12,000 gambar, lan 300,000 foto. Perpustakaan iki bisa nglumpukaké kolèksi paling gedhé ing donya bab Indonesia lan Karibia. Sabanjuré, Perpustakaan Universitas Leiden ya iku siji-sijiné warisan organisasi ing Walanda kang duwéni telung dhaptaran saka dokumen ing UNESCO's Memory of the World Register.



Depot saka Perpustakaan Universitas Leiden ing kira-kira 1900

> "*Est hic magna commoditas bibliothecae ut studiosi possint studere*"
>
> —Josephus Justus Scaliger
>
> "Kauntungan paling gedhé saka perpustakaan ya iku wong-wong sing arep sinau, bisa sinau."

Sajarah

Ing 1595 kala *Nomenclator* dibabar, katalog pisanan Perpustakaan Universitas Leiden uga katalog dicithak saka lembaga perpustakaan ing donya. Publikasi saka katalog ngepasi karo bukaan saka perpustakaan anyar ing lantai ndhuwur saka Faliede Bagijnkerk (saiki Rapenburg 70) jèjèré Theatrum Anatomicum.[2]


Ing taun 1864, salinan katalog urut abjad perpustakaan ing Leiden saka 1575--1860 rampung; ora tau katon dicithak. Para pamaca padha bisa takon dhaptar abjad saka perpustakaan Leiden sing dijenengi *Leidse boekjes*. Sistem iki digunakaké nganti 1988.

Rujukan

1. Christiane Berkvens-Stevelinck. *Magna commoditas : geschiedenis van de Leidse universiteitsbibliotheek 1575-2000*, p.240.
2. Basbanes, N.(2001). Patience and Fortitude. Perennial, New York, p. 63.



William I, Pangéran Orange, pimpinan utama saka Walanda kala pambrontakan nglawan Spanyol. Dhèwèké ngedegaké Leiden University, nyumbang buku pisanan kanggo perpustakaan, salinan saka Kitab Suci Polyglot. Nyalin saka lukisan déning Antonio Moro, saka 1555.



NOMENCLATOR
AVTORVM OMNIVM,
quorum libri
Vel manuscripti, vel typis expressi exstant
in BIBLIOTHECA Academiæ
LVGDVNO-BATAVÆ
cum Epistola
De ordine eius atque usu,
AD
NOBILES ET MAGNIFICOS
ACADEMIAE CVRATORES
ET CONSVLES.

LVGDVNI BATAVORVM,
Apud Franciscum Raphelengium.
ACAD ∞ I Ↄ. XCV. LVGD

Nomenclator autorum omnium, quorum libri vel manuscripti, vel typis expressi exstant ing Bibliotheca Academiae Lugduno-Batavae (Dhaptar kabèh panulis kang bukuné, manuskrip, utawa cithakan, sing kasedhiya ing Perpustakaan Universitas Leiden), 1595.

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Perpustakaan_Universitas_Leiden&oldid=1451395"
